



Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS AKSYON ETA A POU LITE KONT
POLYOMYELIT AK OGMANTE SIPÒ POU DEPATMAN SANTE KONTE YO**

Komisè Depatman Sante Eta New York la deklare polyoviris la se 'yon menas iminan pou sante piblik' pou elaji resous yo pou inisyativ vaksinasyon depatman sante lokal yo

Depatman Sante a kontinye siveye pwopagasyon potansyèl la epi travay avèk responsab sante lokal yo ak patnè kominotè yo pou ogmante pousantaj vaksinasyon timoun yo

Li [lèt deklarasyon komisè a](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lòt mezi Eta New York ap pran pou trete evidans polyoviris k ap sikile nan Eta New York, sa gen ladan yon deklarasyon ofisyèl pou sipòte plis depatman sante lokal yo nan reyalizasyon vaksinasyon. Byen bonè jodi a, Komisè Sante Eta New York, Doktè Mary T. Bassett, te deklare polyoviris se yon menas iminan pou sante piblik nan Eta New York, kidonk elaji disponiblite finansman ak resous pou sipòte depatman sante lokal yo nan etabli klinik vaksen yo, deplwaye vaksen bay patnè swen sante yo, epi fè sansibilizasyon pou Nouyòkè ki pa vaksinen epi ki pa byen vaksinen yo pou ogmante pousantaj vaksinasyon yo patikilyèman nan zòn ki afekte pa viris la ak pami timoun yo.

"Depi premye jou a, nou te pran yon apwòch agresif sante piblik pou konbat pwopagasyon polyomyelit epi asire Nouyòkè yo pwoteje", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Deklarasyon sa a pral ranfòse efò kontinyèl nou yo pou pwoteje Nouyòkè yo kont maladi paralizi, anpeche pwopagasyon, epi sipòte patnè sante piblik nou yo".

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Nan travay chak jou ak depatman sante konte lokal yo, patnè nou yo nan CDC, ak lidè nou fè konfyans yo, Depatman an ap travay yon fason efikas pou ogmante pousantaj vaksinasyon timoun ak kominote a nan konte kote yo te detekte viris la. Gras a egzijans vaksinasyon lekòl yo te etabli depi lontan, pifò majorite granmoun, ak pifò timoun yo, byen vaksinen kont polyo. Nou rete konsantre sou garanti administrasyon vaksen kont polyomyelit alè pami jèn timoun yo ak vaksinen timoun ak granmoun ki poko fè sa epi ki pa ase vaksinen nan zòn ki afekte yo. Travay sa a ap kontinye ak tout fòs".

Deklarasyon an pèmèt lokalite yo kontinye travay nan tèt kole ak Biwo Pratik Sante Piblik Depatman Sante Eta a pou mande ranbousman pou aktivite sante piblik sa yo. Deklarasyon Komisè a kouvri aktivite repons polyomyelit ki fèt soti 21 jiyè jiska 31 desanm.

Nan travay avèk Depatman Sante Eta a, depatman sante lokal yo kontinye reyaji aktivman kont polyomelit nan Eta New York atravè siveyans dlo ize, siveyans klinik, ak administrasyon vaksen pou Nouyòkè ki pa vaksinen ak pa ase vaksinen. Depatman sa yo ap reyalize edikasyon ak sansibilizasyon tou nan kominote kote yo te detekte viris la pou gaye pi gwo konsyans ak ankouraje vaksinasyon, patikilyèman bay paran ak responsab timoun piti.

Aprè [idantifikasyon](#) yon ka polyomyelit paralizi nan yon moun ki pa vaksinen nan Konte Rockland, Depatman Sante Eta a te lanse siveyans dlo ize, yon zouti pou tcheke siy viris la nan dlo egou nan kominote yo. Analiz sekans ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) te jwenn depi lè a plizyè prèv polyoviris yo te detekte nan echantiyon yo te kolekte nan Konte Rockland, Konte Orange, ak Konte Sullivan epitou yo te detekte nan echantiyon yo te kolekte nan Vil New York ak Konte Nassau.

Eta New York te konsantre efò li yo nan zòn kote menas la konsantre, ki gen ladan kote gen deteksyon repete, ak kote gen yon pousantaj relativman ba nan timoun ki te konplete rejim twa dòz polyo yo rive nan laj 2 ane. Zòn sa yo gen ladan Konte Rockland, Orange ak Sullivan.

Nan kòmansman mwa sa a, Gouvènè Hochul te deklare yon [Eta Ijans nan Ka Katastwòf](#) pou atake yon fason agresif nenpòt pwopagasyon potansyèl ak menas pou sante piblik. Deklarasyon an te ogmante disponiblite resous pou pwoteje Nouyòkè yo kont maladi paralizi.

Anvan sa, Gouvènè Hochul te pibliye yon [dekrè egzekitif](#), ki imedyatman te elaji rezo administratè vaksen kont polyomelit la lè li te pèmèt travayè sèvis medikal ijans, fanmsaj, ak famasyen yo administre vaksen epi otorize dokè ak enfimyè ki sètifye yo pou emèt òdonans ki pa espesifik pou pasyan pou vaksen kont polyomelit yo. Dekrè egzekitif sa a ki te pibliye an jiyè egzije tou founisè swen sante yo pou yo voye done vaksinasyon kont polyomelit yo bay Depatman Sante Eta a atravè Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon Eta New York la, sa k ap pèmèt ajans lan ak depatman sante lokal yo konsantre aktivite vaksinasyon yo kote yo pi bezwen yo epi ba yo ankò yon lòt [pwen done](#) pou konprann nivo pwoteksyon kont polyomelit nan kominote yo.

Vaksinasyon kont polyomyelit la te fè pati kalandriye vaksinasyon rekòmande Komite Konsiltatif sou Pratik Vaksinasyon (Advisory Committee on Immunization Practices, ACIP) Sant pou Prevansyon ak Kontwòl Maladi (CDC) ak egzijans Eta New York yo pou ale lekòl. Pifò granmoun ak anpil timoun nan Eta New York deja pran vaksen an.

Vaksen kont polyomyelit yo bay pwoteksyon dirab, epi vaksen kont polyomyelit ki pa aktive a, sèl vaksen ki disponib nan peyi Etazini, pwoteje 99 a 100 pousan moun kont maladi ki resevwa tout dòz rekòmande yo. Soti 21 jiyè rive 25 septanm, yo te administre apeprè 26,000 dòz vaksen kont polyomyelit pou timoun ki gen 18 ane oswa pi piti nan konte Rockland, Orange, Sullivan, ak Nassau — yon ogmantasyon 26 pousan konpare ak menm peryòd tan an nan ane 2021.

Paran ak responsab ki gen timoun ki gen laj 17 ane oswa ki pi piti ki pa vaksinen oswa ki pa ajou ak vaksen kont polyomyelit yo ta dwe imedyatman asire pitit yo jwenn tout dòz yo rekòmande yo. Sa patikilyèman ijan si yo ap viv, travay, ale lekòl, oswa gen entèraksyon sosyal souvan avèk [kominote yo kote poliyoviris yo te detekte plizyè fwa nan dlo ize](#), ki gen ladan konte Rockland, Orange, ak Sullivan.

Nouyòkè ki pa vaksinen oswa ki pa ase vaksinen yo ki abite oswa ap travay nan zòn ki gen deteksyon polyoviris repete epi ki gen plis risk pou yo ekspoze yo ta dwe asire ke yo resevwa tout [dòz rekòmande yo](#).

Adilt New York ki pa nan zòn sa yo ki pa vaksinen, ki pa sèten konsènan estati vaksinasyon yo, oswa ki pa ajou avèk vaksinasyon yo ta dwe konsilte yon founisè swen sante. Si yo rekòmande vaksinasyon epi yon founisè pa gen dòz yo disponib, Nouyòkè yo ta dwe kontakte depatman sante lokal yo.

Polyomyelit se yon maladi grav, ki menase lavi ki afekte sistèm nève a epi ki ka lakòz feblès nan misk, paralizi oswa lanmò. Polyomyelit trè kontajye epi li ka gaye atravè yon moun menm si li pa maladi oswa pa gen sentòm, ki varye soti nan sentòm grip ki pa grav rive nan paralizi, andikap pèmanan, ak lanmò.

Jwenn plis enfòmasyon sou [polyomyelit](#), [vaksinasyon kont polyomyelit](#), [pousantaj vaksinasyon kont polyomyelit pou timoun ki gen 2 ane selon konte](#), selon [kòd postal](#), ak dènye [rezilta siveyans dlo ize yo](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418